ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ҚАРАӨЗЕК РАЙОНЫ ҲӘКИМИНИҢ ШЕШИМИ		ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ҚОРАЎЗАК ТУМАНИ ҲОКИМИНИНГ ҚАРОРИ
Қараөзек посёлкасы	№124/2	«13» - февраль 2018-жыл

Қараөзек районы аймағындағы автомототранспорт қуралларын гезектеги мәжбүрий мәмлекетлик техникалық көриктен өткериў ҳаққында

Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2003-жыл 31-январьдағы 54-санлы қарары менен тастыйықланған «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Режеге, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 8-январь күнги 0308/13-01/11-санлы баянламасына муўапық, Қарақалпақстан Республикасы «Жергиликли мәмлекетлик ҳәкимият ҳаққында»ғы Нызамының 5-статьясына тийкар район аймағындағы барлық хожалық жүргизиўши субъектлерге ҳәм пуқараларға тийисли болған автомототранспорт қуралларын ҳәм тиркемелерин мәжбүрий техникалық көриктен өткериў мақсетинде

ШЕШИМ ЕТЕМЕН:

1.Районлық Ишки ислер бөлиминиң жол ҳәрекети қәўипсизлиги бөлимшеси (О.Арапбаев) не:

а) Райондағы «Қараөзек аўыл хожалық кәсип өнер колледжи» менен автомототранспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша шәртнама дүзиў тапсырылсын.

2. Төмендегилер:

а) Автомототранспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссияның қурамы 1-қосымшаға;

б) райондағы мәкеме, кәрхана, шөлкемелер ҳәм пуқаралардың автомототранспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў кестеси 2-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. «Транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен өткериў тәртиби ҳаққында»ғы Реженің 1-бөлим 5-бәнтиниң «а» киши бәнтиндеги транспорт қуралларының техникалық көриги:

биринши мәрте 2018-жылдың 15-март-30-июль аралығында;

екинши мәрте 2018-жылдың 1-сентябрь 1-ноябрь аралығында;

юридикалық шахсларға қараслы болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2018-жылдың 15-март 30-июль аралығында;

физикалық шахсларға тийисли болған транспорт қуралларының техникалық көриги 2018-жыл 15-март ҳәм 30-июль аралығында өткерилетуғынлығы белгиленсин.

4. Райондағы мәкеме, кәрхана, шөлкем ҳәм жәмийетлердиң басшыларына:

есабындағы транспорт қуралларын мәжбүрий техникалық көриктен сапалы өткериўге таярлаў иләжларын көриў тапсырылсын.

5. Усы шешимди район ҳәкимлигиниң веб сайтына жайластырыў ҳәм «Мийнет байрағы» газетасында жәриялаў район ҳәкимлигиниң юрист мәсләҳәтшиси И.Даулетмуратовқа жүкленсин.

6. Усы шешим рәсмий жәрияланған күннен баслап күшке киреди.

7. Усы шешимниң қабыл етилиўине байланыслы район ҳәкиминиң 2017-жыл 17-март күнги 160/3-санлы шешими («Мийнет байрағы» газетасы, 2017-жыл 31-март,№ -7 (41-81)) өз күшин жойтқан деп табылсын.

8. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў районлық Ишки ислер бөлиминиң баслығы М.Раметовқа жүкленсин.

Ҳәким: **Д.Утемуратов**

Район ҳәкиминиң
2018-жыл «13» - феварль
«124/2» - санлы шешимине
1-қосымша

Транспорт қуралларын жыллық техникалық көриктен өткериў бойынша районлық комиссиясының
Қ У Р А М Ы

О.Арапбаев	РИИБ ЖХКТ аға инспекторы, комиссия баслығы
А.Амирханов	Район ҳәкимлигиниң бас қәнийгеси
Қ.Бердимуратов	Қараөзек аўыл хожалық кәсип өнер колледжи директоры

Еслетпе: Мәмлекетлик техниканы қадағалаў инспекциясы баслығына тастыйықланған шахс комиссия ағзасы есапланады.

Район ҳәкиминиң 2018-жыл
«13» - февраль күнги
«124/2» - санлы шешимине
2-қосымша

Район аймағындағы мәкеме, кәрхана ҳәм шөлкемлердиң транспорт қуралларын техникалық көриктен өткериў кестеси

№	Мәкеме атамасы	Техникалық көриктен өтиў ўақты	Өткен есабын тапсырыў ўақты	Техникалық көриктен өткериў орны
1	«Қараөзек кирпич заводы» ЖШЖ	17.03.2018	19.03. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
2	Районлық мәмлекетлик тоғай хожалығы	20.03. 2018	21.03. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
3	Райондағы кәсип-өнер колледжлери	22.03. 2018	23.03. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
4	Район ҳәкимлиги	24.03. 2018	25.03. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
5	Аўыл ҳәм суў хожалығы басқармасы	27.03. 2018	28.03. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
6	«Қуўанышжарма» ИТБ	17.03.2018	30.03. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
7	Районлық мәмлекетлик салық инспекциясы	31.03. 2018	01.04. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
8	Районлық санитария-эпидемологиялық бақлаў орайы	14.04. 2018	15.04. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
9	Жол хожалығы кесип алып ислеў, оңлаў ҳәм пайдаланыў кәрханасы	17.04. 2018	18.04. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
10	Районлық ветеринария бөлими	21.04. 2018	22.04. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
11	Районлық электр тәмийинлеўши кәрханасы	24.04. 2018	25.04. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
12	Байланыс бөлими	04.05. 2018	05.05. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы

13	Халық билимлендириў мекемелери хызметин методикалық тәмийинлеў ҳәм шөлкемлестириў бөлими	08.05. 2018	09.05. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
14	«Рейим қурылыс ЖШЖ	12.05. 2018	13.05. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
15	Районлық Медицина бирлеспеси	18.05. 2018	19.05. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
16	«Қараөзектумангаз» филиалы	24.05. 2018	25.05. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы
17	Район аймағындағы жеке меншик автомототранспорт қураллары	17.03. 2018 31.07. 2018	17.03. 2018 31.07. 2018	Аўыл хожалық колледжи устаханасы